Subsidiary

मैथिली (प्रतिष्ठा)
बी० ए० (H) पार्ट - III
पैपर - V

बसंत कुमार
अतिथि शिक्षक
दिनांक - ~~14-07-20~~ 06-04-21

दिनांक 24-07-20क शेष

1. <u>मैथिली साहित्यक आधुनिक काल :-</u>

भारतीय ज्ञान पर सम्पूर्ण यूरोप मुग्ध भ' गेल तथा प्राच्य विद्यापर काज शुरु भेल। 1785 ई०मे सर विलिकन्स श्रीमद् भागवत गीताक अंग्रेजी अनुवाद प्रकाशित कयलनि। सर विलियम जोंस कालिदास कृत अभिज्ञान शाकुन्तलम् नाटकक अंग्रेजी अनुवाद प्रकाशित कयलनि। 1786 ई० मे एशियाटिक सोशायटिक अधिवेशनमे घोषित कयल गेल जे संस्कृत परम अद्भुत भाषा अछि, ई यूनानी आओर लैटिनसँ बेसी सम्पन्न अछि। 1805 ई०मे वेदान्तक अध्ययन शुरु भेल। प्रसिद्ध जर्मन विद्वान मैक्समूलर तीन वर्ष धरि समाजक भाष्यपर काज कयलनि तत्पश्चात वेदपर हिनक भाष्य प्रकाशित भेल। प्रसिद्ध जर्मन दार्शनिक शोपेन हावरपर उपनिषदक अमिट प्रभाव पड़लनि जकर प्रशंसा करैत लिखलनि ई अनुपम ग्रन्थ अन्तःस्थलमे हिलोर मारैत अछि एकर एक-एक वाक्यसँ मौलिक गम्भीर ज्योतिष्मान विचार उपर